



Pou Piblikasyon Imedyat: 12 desanm 2011

**GOUVÈNÈ CUOMO AK DIRIJAN LEJISLATI A DEZIYEN MANM YO NAN  
KOMISYON MIKS POU ETIK PIBLIK**

*Komisyon Endepandan an Gen Nouvo Pouvwa Aplikasyon Jeneral pou Mennen Ankèt sou  
Branch Lejislatif la ak Branch Egzekitif la*

*Pwokirè Distri Konte Westchester Janet DiFiore pou vin Prezidan JCOPE*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak dirijan lejislati a te anonse yo fè nominasyon nan nouvo Komisyon Miks pou Etik Piblik (JCOPE).

JCOPE se yon inite aplikasyon endepandan ki gen sipèvizyon jeneral sou gouvènman Eta New York. Komisyon an gen pouvwa aplikasyon solid pou mennen ankèt sou vyolasyon lalwa ak sou egzijans pou divilge enfòmasyon finansye pou tout ofisyèl eli yo ak anplwaye yo nan branch egzekitif la ak branch lejislatif la. JCOPE gen pouvwa ki agrandi tou pou sipèvize gwoup presyon yo akòz règ divilgasyon yo fèk agrandi yo ak yon pi gwo definisyon aktivite gwoup presyon yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Komisyon Miks pou Etik Piblik se yon kontwolè endepandan ki pral mennen ankèt serye sou koripsyon, epitou ki pral ede fè toujou genyen onètete nan gouvènman eta a. Mwen kwè anba kalite dirijan Prezidan DiFiore ak lòt manm jeneral yo, Komisyon an pral aplike etik pi sevè nan istwa eta nou.”

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos di konsa, “Kreyasyon Komisyon Miks pou Etik Piblik jodi a se yon lòt etap pou fè pèp la vin gen konfyans ankò nan gouvènman eta a. Alòske gwo majorite pèp la antre nan sèvis piblik pou tout rezon ki kòrèk, komisyon bilateral sa a pral asire chak lejislatè kontinye pran responsablite pou pèp y ap travay pou yo a. Mwen kwè ansyen Senatè Rath, Jij Covello ak George Weismann pral fè yon kokennchenn travay ansanm avèk Prezidan DiFiore ak lòt reprezantan yo ki nan komisyon sa a.”

Pòtpawòl Asanble Sheldon Silver di konsa, “Pat Bulgaro, Marvin Jacob ak Ellen Yaroshefsky trè konpetan, yo gen prensip, epitou yo distenge tèt yo pami kamarad yo kòm moun ki fè respekte pi gwo prensip onètete, yon kalite ki kalifye yo pou sèvi nan Komisyon Miks pou Etik Piblik la.”

Dirijan Minorite Sena a, John Sampson, di konsa, “Nominasyon komisyon sa a se yon etap ki enpòtan nan pwosesis pou fè piblik la vin gen kredibilite, konfyans, ak asirans nan gouvènman eta nou an. Komisyon sa a pral ede netwaye Albany, epitou l ap bay Nouyòkè yo yon gouvènman eta pi responsab yo merite. Mwen salye Gouvènè Cuomo pou kalite dirijan ak

pèseverans li nan batay pou gen vrè refòm etik. Mwen gen konfyans nominasyon mwen, Mr. Ravi Batra, pral ede fè gen onètete ankò nan koulwa Kapitòl nou an.”

Dirijan Minoritè Asanble, Brian M. Kolb, di konsa, “Nouyòkè yo merite yon gouvènman eta ki gen pi gwo prensip etik ak angajman ki pi fò pou onètete piblik la nan nasyon nou an. Avèk plis pase 15 ane eksperyans legal, tankou sèvis li nan Biwo Pwokirè Distri Konte Jefferson ak nan Biwo Defansè Piblik, epitou kòm yon avoka ki nan pratik prive, David Renzi trè kalifye ak kapab pou sèvi kòm nominasyon nou nan Konferans Minorite Asanble a nan Komisyon Miks pou Etik Piblik. Mwen pa ka tann pou kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo, kamarad Dirijan Lejislatif mwen yo, ak tout lejislasyon yo pou reyalize objektif gouvènman eta nou an pou kontinye jwenn konfyans tout Nouyòkè nou gen privilèj pou sèvi yo.”

Komisyon bilateral la gen ladan sis (6) manm Gouvènè a deziyen. Omwen twa (3) nan manm sa yo fèt pou se manm pati politik enpòtan ki pa menm pati politik Gouvènè a. Li gen ladan tou uit (8) manm dirijan lejislatif yo deziyen. Dirijan Majorite Sena a ak Pòtpawòl Asanble a deziyen, yo chak, twa (3) manm, epi dirijan minoritè toulède chanm yo deziyen, yo chak, yon manm. Gouvènè a deziyen prezidan an pami manm Komisyon an.

Men manm Gouvènè a deziyen yo:

- **Janet DiFiore, Prezidan.** Pwokirè Distri a, DiFiore te eli nan ane 2005, epi li te eli ankò nan ane 2009. Li se chèf ministè piblik Konte Westchester. Li sèvi tou kòm prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York. Anvan li te nan dènye pozisyon li, li t ap sèvi kòm yon Jij nan Tribinal Konte Westchester, epitou kòm yon Jij Tribinal Siprèm Eta New York. Ansyen Jij-an-Chèf Judith Kaye te deziyen Pwokirè Distri DiFiore tou pou sèvi kòm Jij Sipèvizè pou Tribinal Kriminèl yo ki nan 9yèm Distri Jidisyè, epitou Jij-an-Chèf Jonathan Lippman te deziyen li pou sèvi kòm Ko-Prezidan Gwoup Travay sou Lajistis Eta New York. Pwokirè Distri DiFiore te resevwa Doktora Dwa li nan St. John's University School of Law ak Diplòm Inivèsitè nan Lèt ak Syans Sosyal li nan C.W. Post College, Long Island University.
- **Vincent A. DeIorio.** Mesye Delorio se Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Rechèch sou Enèji ak Devlopman Eta New York (NYSERDA). Li se yon avoka ki nan pratik prive nan Purchase ak nan Vil New York. Mesye Delorio t ap travay anvan nan Tribinal Plent Eta New York. Mesye Delorio gradye nan Utica College of Syracuse University ak nan University at Buffalo Law School. Mesye Delorio pral bay demisyon li nan NYSERDA pou li ka travay nan JCOPE.
- **Mitra Hormozi.** Madam Hormozi t ap sèvi kòm Prezidan Komisyon Eta New York pou Onètete Piblik depi deziyasyon li byen bonè nan ane sa a. Madam Hormozi se yon patnè nan Kirkland & Ellis LLP. Li t ap sèvi anvan kòm Asistan Chèf Ekip Espesyal nan Biwo Pwokirè Jeneral New York, kote li t ap sipèvizè pwojè enpòtan ki gen pou wè ak onètete piblik la. Anvan sa, li te pase plis pase sizan kòm yon Asistan Avoka Etazini pou Distri Lès New York, kote li te Chèf Seksyon kont Krim ak Rakèt Òganize, epitou li te resevwa plizyè rekonpans enpòtan lapolis. Madam Hormozi gradye nan University of Michigan ak nan New York University School of Law. Madam Hormozi pral antre nan JCOPE nan dat 5 janvyè 2012, yon ane apre li te kite Biwo Pwokirè Jeneral la.

- **Daniel J. Horwitz.** Mesye Horwitz se yon patnè nan Lanker & Carragher, LLP. Pou kounye a. Li t ap travay anvan kòm Asistan Pwokirè Distri Konte New York nan Biwo Fwod. Anvan karyè legal li, Mesye Horwitz t ap travay kòm Direktè Lejislatif pou Manm Kongrè Thomas J. Downey. Mesye Horwitz te resevwa Doktora Dwa li avèk masyon nan American University Washington College of Law, ak Diplòm Inivèsitè nan Lèt ak Syans Sosyal li nan Columbia University.
- **Gary J. Lavine.** Mesye Lavine asosye kòm avoka nan Green & Seifter, Attorneys, PLLC. Mesye Lavine t ap travay nan Depatman Enèji Etazini kòm Avoka Jeneral Adjwen pou Anviwònman ak Pwogram Nikleyè pandan administrasyon Prezidan George W. Bush. Li t ap travay tou kòm direktè jeneral adjwen ak direktè legal Niagara Mohawk Holding Inc. Mesye Lavine te travay nan yon kantite pozisyon nan Lejislati Eta New York, tankou avoka lejislatif pou Dirijan Minoritè Asanble a. Li te resevwa diplòm nan administrasyon biznis ak dwa nan Syracuse University.
- **Seymour Knox IV.** Mesye Knox se Direktè Jeneral Knox International, LLC, yon antrepriz ekite prive ki baze nan New York. Pandan ventan, Mesye Knox t ap travay kòm Vis-Prezidan Corporate Relations for the Buffalo Sabres. Mesye Knox gradye nan Lake Forest College.

Men moun Dirijan Majorite Sena a, Skelos, deziyen:

- **Mary Lou Rath.** Madam Rath te reprezante 61yèm distri nan Lwès New York ant ane 1993 ak lè li pran retrèt li nan ane 2008. Li te premye fanm ki te travay nan pozisyon dirijan nan Majorite Sena a, epitou li te gen plizyè reyalizasyon lejislatif pandan tout manda li, sitou nan domèn swen sante ak refòm Medicaid. Li te resevwa anpil distenksyon ak lonè kòm rekonesans sèvis piblik distenge li nan Sena a, epitou kòm yon manm Lejislati Konte Erie.
- **Jij Joseph Covello.** Jij Covelle gen plis pase 30 ane eksperyans nan dwa ak lajistis. Jij Covello te kite Divizyon Apèl New York nan ane 2011 pou retounen nan pratik prive a. Li te pase 16 ane sou bawo a, kòm moun ki te ekri plizyè pwendvi enpòtan. Anvan deziyasyon li nan Divizyon Apèl la, li t ap travay kòm yon jij premye enstans nan Tribinal Siprèm, Konte Nassau. Anvan sa, li t ap travay nan Enstans Apèl pou Nevyèm ak Dizyèm Distri Jidisyè, epitou kòm yon jij enstans nan Tribinal Distri, Konte Nassau. Li te pase 16 ane nan pratik prive anvan li te vin yon jij. Jij Covello se yon veteran Fòs Lame Etazini, epi li gradye nan State University of New York ki nan Buffalo ak nan Hofstra University of Law.
- **George H. Weissman.** Mesye Weissman t ap travay kòm Avoka Jeneral Prensipal New York State Dormitory Authority pandan prèske yon peryòd dizan, epitou kòm Asistan Avoka nan Biwo Kontwolè Finans Eta a. Pozisyon kote li t ap travay anvan yo te gen ladan travay kòm Asosye Pwogram pou Sena eta, ak Avoka pou Komisyon Lejislatif Eta New York sou Chwa Enpòtan Transpò. Li te ansyen Avoka pou Marsh, Wasserman and Associates, LLP. Li te resevwa Doktora Dwa li nan Albany Law School of Union University, ak yon Diplòm Inivèsitè nan Lèt ak Syans Sosyal nan Syans Politik nan SUNY Cortland.

Men moun Pòtpawòl Asanble Silver deziyen yo:

- **Pat Bulgaro.** Mesye Bulgaro gen plis pase vennsenk ane eksperyans nan gouvènman eta a. Li t ap travay nan nivo pi wo nan plizyè ajans eta a, tankou Depatman Taksasyon ak Finans, ak Divizyon Bidjè, kote li t ap travay kòm direktè anba sipèvizyon ansyen Gouvènè Mario Cuomo. Li t ap travay tou kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Center for the Disabled ak nan New York State Temporary Commission on Lobbying kòm yon moun Pòtpawòl Silver te deziyen. Pandan karyè distenge li nan sèvis piblik la, Mesye Bulgaro te resevwa distenksyon Gouvènè Charles Evans Hughes Award pou “kokennchenn reyalizasyon karyè.”
- **Marvin Jacob.** Mesye Jacob, yon avoka ki nan retrèt, se te yon patnè nan Business and Finance & Restructuring Department of Weil, Gotshal & Manges, kote li t ap jere afè devan tribinal ki okipe zafè fayit ak distri federal ak tribinal apèl. Li gen eksperyans nan konfli fayit sosyete, kote li t ap sèvi kliyan enstitisyon sa yo, tankou General Electric Capital Corporation ak Credit Suisse First Boston. Mesye Jacob t ap travay tou kòm Administratè Rejyonal Asosye, Biwo Rejyonal New York, Komisyon Tit ak Echanj Etazini. Nan ane 2010, Pòtpawòl la te deziyen Mesye Jacob nan gwoup travay ki t ap sipèvize aplikasyon Lwa 2009 sou Refòm Otorite Piblik yo.
- **Ellen Yaroshefsky.** Madanm Yaroshefsky se yon pwofesè dwa pou kounye a nan Benjamin N. Cardozo School of Law, ko-direktè egzekitif Jacob Burns Ethics Center nan Pratik Dwa, ak yon ansyen pwofesè adjwen nan Fordham Law School. Li se yon avoka ki gen eksperyans ki espesyalize nan defans ak konfli sou dwa sivil, epitou li se yon manm plizyè òganizasyon evalyasyon etik avoka, tankou Etik American Bar Association, Komite Gideon and Professionalism, New York State Bar Association's Committee on Standards of Attorney Conduct, ak Komite Konsiltatif sou Etik National Association of Criminal Defense Lawyers.

Men moun Dirijan Demokrat Sena a, John L. Sampson deziyen:

- **Ravi Batra.** Mesye Batra se yon avoka ki nan pratik prive. Li t ap travay kòm yon pwofesè dwa komèsyal nan Pace University. Mesye Batra t ap travay tou kòm Prezidan Komite Endepandans Jidisyè Asosyasyon Avoka Enstans Eta New York. Li te resevwa Doktora Dwa li nan Fordham University, ak diplòm inivèsitè administrasyon biznis li avèk masyon nan Pace University.

Dirijan Minoritè Asanble, Brian M. Kolb deziyen:

- **David A. Renzi.** Mesye Renzi se yon patnè nan kabinè avoka Brown, Dierdorf and Renzi. Li t ap travay avèk kabinè Watertown sa a de ane 2002. Yo rekonèt kabinè avoka a pou espètiz li nan domèn byen imobilye, fòmasyon biznis, planifikasyon siksesyon, ak pratik minispal. Anvan sa, Mesye Renzi t ap travay kòm Defansè Piblik pou Konte Jefferson, epitou li te pouswiv anpil ak yon pakèt pwochè kriminel nan lajistis. Mesye Renzi gradye nan Syracuse University School of Law.

JCOPE gen jiridiksyon pou mennen ankèt ak bay sanksyon sou anplwaye ak aktivis branch egzekitif la. JCOPE gen jiridiksyon tou pou mennen ankèt sou posib vyolasyon lwa lejislè ak anplwaye lejislatif yo fè, epitou, si yo vyolasyon yo jistifye, pou bay rezilta yo pou Komisyon Etik Lejislatif la, k ap gen jiridiksyon pou bay sanksyon yo. Si yo jwenn yon posib vyolasyon

lwa kriminel federal oswa eta, y ap rekòmande vyolasyon an ba pwokirè apwopriye pou pran lòt mezi.

Yo te kreye JCOPE kòm yon pati pake refòm etik istorik Gouvènè Cuomo byen bonè ane sa a pou rezoud gwo mankman nan sistèm etik eta a, epitou pou fè piblik la vin gen konfyans ankò nan gouvènman an. Lwa 2011 sou Refòm Onètete Piblik te gen ladan kèk nan pi gwo amelyorasyon etik konplè nan listwa modèn, tankou refòm ki kreye transparans ki pa t janm genyen, ki egzije divilgasyon serye, epitou ki ogmante sanksyon pou vyolasyon etik yo.

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York / Biwo Egzekitif / [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) / 518.474.8418*